

Fè yon diferans nan kominote w.

Chak 10 lane, yo konte chak moun k ap viv Etazini nan yon resansman — yon sèl fwa epi kote yo dwe konte yo a.

Repons ou bay yo ban nou asirans plis pase \$675 milya dola nan fon federal yo ale chak ane kote yo sipoze ale pou sipòte edikasyon, swen sante, sèvis ponpye, ak plis ankò. Anpil desizyon konsènan ki kote pou voye lajan sa a baze sou enfòmasyon resansman an ban nou. Lè yo konte tout moun nèt e sa fèt ak presizyon, sa esansyèl tou pou detèmine konbyen reprezantan chak eta pral genyen nan Kongrè a.

Kote yo konte w la kapab prepare avni w.

Jwenn plis enfòmasyon sou  
[2020CENSUS.GOV/ht](https://2020CENSUS.GOV/ht).



**Kote yo konte w la enpòtan anpil.**

Yon gid pou diferan sityasyon lavi a

# Konte tèt ou kote ou dwe konte l.

An jeneral, ou dwe konte tèt ou **kote w viv e kote w dòmi pi souvan an**. Men fè atansyon anpil si :



## W ap ranpli fòmilè pou lakay ou

Lè w ap reponn, konte nenpòt timoun, san w pa bliye tibebe ki fèk fèt, ki nòmalman viv nan kay la e ki dòmi ladan—menm si yo pa pwòp pitit pa w. Si yo pase menm valè tan ant de (2) kay, konte yo kote yo ye a nan dat 1ye avril 2020 an.



## Ou se yon moun ki fèk bwote

Konte tèt ou nan nouvo adrès ou a si w te bwote anvan 1ye avril 2020.



## Ou se yon lokatè

Konte tèt ou kote w abite a. Menm si kay la pa pou ou, ou dwe patisipe. Pa bliye fanmi w ak lòt moun ki ret nan kay la.



## Ou se yon etidyan nan inivèsite

Si w pa rete nan yon dòtwa, konte tèt ou nan adrès ou genyen andeyò kanpis la—menm si w ale kay paran w nan lè gen vakans. Sa konsène etidyan entènasyonal yo tou.



## Ou se yon militè

Si w pa rete nan yon kazèn —e ou pa baze nan yon lòt peyi—konte tèt ou kote w pase plis tan an e kote w dòmi pi souvan an, kit se nan yon baz, kit se pa nan yon baz.



## W ap viv nan yon lokal ki gen divès kalite moun

Pou moun k ap viv nan sityasyon sa yo nan dat 1ye avril 2020 an, anplwaye Biwo Resansman yo pral travay ak yon reprezantan lokal kote w ap viv la pou yo asire yo ou kote. Sa ka rive yo pa mande w ranpli yon fòmilè resansman endividyèl.

- Nan dòtwa inivèsite yo
- Nan kazèn militè yo
- Nan mezon retrèt yo
- Nan sant dakèy yo
- Nanabri yo
- Nan sant sikyatrik yo
- Nan sant koreksyonèl yo (prizon)

Pou plis enfòmasyon, vizite **2020CENSUS.GOV/ht**.

